

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Salah sahiji wujud tina budaya masarakat nya éta karya sastra. Karya sastra gelar lantaran aya dorongan tina diri manusa pikeun nyumponan pangabutuh batinna. Dina kahirupan masarakat Sunda loba kapanggih karya sastra diantaranya dina wangun prosa, puisi, jeung carita drama. Hasil karya masarakat Sunda lain saukur nyumponan pangabutuh batin, tapi mangrupa hasil kréativitas urang Sunda anu ngandung ajén-ajén sarta eunteung kapribadian masarakatna.

Karya sastra mangrupa gambaran kahirupan, ari kahirupan téh mangrupa kanyataan sosial. Ieu asumsi ngabalukarkeun munculna pamarekan umum ngeunaan hubungan sastra jeung masarakat, nya éta karya sastra salaku dokumén sosial jeung salaku potrét kanyataan sosial. Karya sastra bisa disebutkeun lain saukur karya anu mibanda budi, imajinasi, jeung émosi wungkul, tapi geus dianggap hiji karya anu kréatif (Semi: 1990: 1).

Salaku karya anu kréatif, karya sastra mangrupa ungkapan pribadi manusa tina idé-idéna, pangalaman jeung pikiran dirina. Dumasar kana éta hal, karya sastra mun diteuleuman jeung diteleban, ngandung ajén-ajén luhur. Ajén-ajén anu aya dina karya sastra di antarana ajén falsafah, ajén budaya, ajén kaagamaan, ajén didaktis, ajén psikologis, jeung ajén moral.

Anu disebut ajén, nurutkeun Achadiati (1992: 14), nya éta *gagasan tentang kehidupan yang dianggap amat penting oleh suatu masyarakat atau kelompok manusia*. Sedengkeun nurutkeun Darajat, spk (1984: 260), *suatu perangkat keyakinan ataupun perasaan yang diyakini sebagai suatu identitas yang memberikan corak khusus kepada pola pemikiran, perasaan, maupun prilaku*.

Salian ti ajén-ajén luhur, karya sastra ogé moal leupas tina struktur pangwangunna. Ari anu disebut struktur dina karya sastra téh, nya éta corak rakitan komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra anu sagemblengna. Karya sastra anu nyampak ayeuna téh mangrupa titinggal karuhun sarta miboga ajén-ajén anu luhung pikeun kahirupan manusa.

Salah sahiji titinggal karuhun anu nyampak nepi ka jaman ayeuna nya éta ayana bangunan-bangunan anu ngawujud artéfak saperti candi, masjid, karaton jsb. Aya ogé titinggal karuhun dina wangun tulisan anu nyampak dina naskah jeung prasasti. Salah sahiji hasil tina kabudayaan nya éta naskah. Naskah buhun mangrupa rékaman hasanah kabudayaan anu ngadadarkeun kumaha kahirupan jaman buhun (Barried, 1994 : 55).

Objék panalungtikan filologi nya éta tulisan leungeun anu ngandung rupa-rupa eusi pikiran jeung perasaan minangka hasil tina budaya. Dina teks wawacan dipedar ngeunaan kajadian-kajadian jaman baheula. Ku cara maca naskah masarakat ayeuna bisa nyangking informasi atawa kagiatan kabudayaan dina jaman harita. Sanajan kitu, naskah jaman kiwari geus mangrupa barang nu langka. Hal éta dilantarankeun ku lobana jalma anu teu bisa maca jeung maluruh naskah.

Ku jaman ayeuna mah bakal hésé manggihan naskah-naskah anu aya di masarakat. Hal éta anu ngabalukarkeun héséna maluruh jeung maham eusi naskah.

Salah sahiji hasil kabudayaan urang Sunda nya éta naskah wawacan. Wawacan ogé mangrupa salah sahiji karya sastra Sunda buhun anu geus dipikawanoh ku masarakat Sunda, utamana kaum ménak, saenggeus ayana pangaruh politik ti Mataram dina abad ka-17. Wawacan mangrupa wangun karya sastra anu asalna ti Jawa, tuluy dibawa ka tatar Sunda ngaliwatan kaum ménak jeung kaum ulama di lingkungan pasantrén, priyayi Sunda saperti bupati, demang, jeung pajabat sahandapeunana, kaasup pajabat agama Islam, saperti panghulu jeung kalipah (Wibisana, 2000: 765)

Rosidi (1966:11-26) nétélakeun yén wawacan asalna tina kecap wawacaan (babacaan) anu hartina: naon anu dibaca. Nurutkeun pamadegan Iskandarwasid (2003: 168), wawacan nya éta carita anu didangdingkeun, gelarna dina wangun pupuh. Ditilik tina wangunna, carita wawacan téh mangrupa carita anu kauger ku guru lagu, guru wilangan, sering gunta-ganti pupuh, jeung umumna panjang. Sakumaha anu dijéntrékeun ku Faturrohman (1983: 37), yén wawacan ditilik tina wangunna, mangrupa karangan fiksi dina wangun ugeran lantaran kauger ku patokan pupuh.

Pupuh geus lila dipaké dina sastra Sunda, kurang leuwih ti mimiti abad ka-17, asalna mah tina sastra Jawa. Pangarang Sunda ngagunakeun patokan pupuh pikeun ngarang wawacan dina basa Sunda. Wawacan téh osok ngahaja ditembangkeun. Nembangkeun wawacan dibedakeun disebutna beluk. Nu beluk

téh ngarombongan, aya opat lima urangna. Beluk osok ditanggap, didaréngékeun sapeuting jeput.

Pikeun ngamumulé jeung ngamekarkeun wawacan, kaum rumaja salaku generasi panerus kabudayaan perlu mikawanoh wawacan. Ku cara ngaliwatan lambega formal atawa sakola dina wangun bahan pangajaran. Salah sahiji tarékah sangkan kaum rumaja wanoh kana wawacan, nya éta wawacan diajarkeun di lembaga atikan formal kayaning sakola, boh ngaliwatan pangajaran sastra, boh pangajaran séjénna. Pangajaran basa jeung sastra Sunda ngabogaan tujuan pikeun ngajénan jeung nimbulkeun rasa kareueus kana basa jeung sastra Sunda.

Ieu panalungtikan wawacan diluyukeun kana Standar Kompetensi (SK), jeung Kompetensi Dasar (KD) salaku bahan pangajaran nu aya di SMP. Éta hal kaunggel dina pangajaran kaparigelan maca pikeun SMP kelas VIII. Standar Kompetensi (SK), nya éta “*Mampu membaca untuk memahami dan menanggapi bacaan yang berupa teks kepahlawan, cerita wawacan, sajak, dan argumentasi*” (SKKD Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda, 2007: 96).

Wawacan Pangantén Tujuh mangrupa naskah aksara Arab Pégon. Ajén budaya dina naskah Wawacan Pangantén Tujuh téh kawilang penting pikeun dijadikeun objék panalungtikan, sangkan bisa méré informasi ka masarakat anu can wanoh kana eusi wawacanna. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “*Ajén Budaya dina Wawacan Pangantén Tujuh Pikeun bahan pangajaran Di SMP*”

1.2 Watesan Masalah

Watesan masalah anu aya dina ieu panalungtikan ngawengku analisis ajén-ajén budaya nu nyampak dina naskah *Wawacan Pangantén Tujuh*. Ajén-ajén anu aya dina eusi wawacan téh kacida jembarna, di antarana waé nya éta ajén kaagamaan, ajén falsafah, ajén atikan, ajén moral, ajén sosial, ajén budaya, ajén ékonomi. Éta ajén-ajén nu nyampak dina wawacan téh perlu diguar sacara daria tur gemet.

Dumasar katerangan di luhur, sangkan ieu panalungtikan museur kana intina, masalahna diwatesanan. Tumali jeung éta hal, watesan masalah dina ieu panalungtikan téh nyoko kana ajén budaya dina *Wawacan Pangantén Tujuh*.

1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi naskah *Wawacan Pangantén Tujuh*?
- 2) Kumaha raratan *Wawacan Pangantén Tujuh*?
- 3) Unsur intrinsik naon waé nu aya dina *Wawacan Pangantén Tujuh*?
- 4) Ajén-ajén budaya naon waé anu aya dina naskah *Wawacan Pangantén Tujuh*?
- 5) Luyu henteu *Wawacan Pangantén Tujuh* pikeun dijadikeun bahan pangajaran di SMP?

1.4 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah, nu jadi tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1) Tujuan Umum

Anu jadi tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Téks Wawacan Pangantén Tujuh mangrupa karya sastra heubeul. Ieu wawacan perlu dianalisis, sangkan hasilna bisa kapaké pikeun panalungtikan anu satuluyna.
- b) Analisis unsur intrinsik jeung ajén-ajén budaya dina Wawacan Pangantén Tujuh bisa dijadikeun konsép hirup masarakat anu luyu jeung budayana.

2) Tujuan Husus

Nu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Ngadéskripsikeun eusi tina téks Wawacan Pangantén Tujuh;
- b) Ngadéskripsikeun unsur intrinsik dina téks Wawacan Pangantén Tujuh;
- c) Ngadéskripsikeun ajén-ajén budaya naon waé anu aya dina téks Pangantén Tujuh.

1.5 Anggapan Dasar jeung Tiori

Panalungtik kudu bisa méré *asumsi* ngeunaan masalah-masalah anu keur ditalungtik, ieu *asumsi* anu disebut anggapan dasar. Anggapan dasar mangrupa landasan tiori dina ngalaporkeun hasil panalungtikan.

1.5.1 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) Téks Wawacan Pangantén Tujuh mangrupa karya sastra heubeul anu ditulis dina wangun pupuh;
- b) Wawacan Pangantén Tujuh kaasup kana naskah buhun, kaayaan kertasna ogé geus kucel, ku kituna perlu dianalisis pikeun kamekaran élmu pangaweruh;
- c) Ajén Budaya mangrupa salah sahiji unsur anu aya dina Wawacan Pangantén Tujuh;
- d) Naskah wawacan Pangantén Tujuh mibanda ajén-ajén budaya anu bisa méré sawangan ngeunaan kahirupan jaman harita.

1.5.2 Rangky Tiori

Tiori nu dipaké dina nganalisis unsur intrinsik jeung ajén-ajén budaya dina Wawacan Pangantén Tujuh, nya éta tiori sastra jeung tiori filologi. Tiori sastra dipaké pikeun maluruh eusi wawacan, sangkan bisa maham leuwih jero deui ngeunaan eusi Wawacan Pangantén Tujuh. Wawacan téh mangrupa karya sastra

buhun, ku kituna diperlukeun dasar tiori anu tangtu. Tatapakan tiori anu dipaké nya éta: *Sajarah Sastra Sunda* (Ruhaliah, 2002), *Metode Penelitian Sastra* (Semi, 1990), *Pengantar Tiori Filologi* (Baried, 1985), *Pengantar Antropologi* (Koentjaraningrat, 1998), *Kandaga Kasusastraan* (Salmun, 1958), *Racikan Sastra* (Koswara, 2005) jeung buku-buku séjénna nu disebutkeun dina daftar pustaka.

1.6 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

Nurutkeun Surakhmad (1991: 131) méthode jeung tehnik panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan.

1.6.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Méthode deskriptif nya éta méthode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun jeung ngajéntrékeun kajadian anu lumangsung mangsa kiwari (Sudjana, 1991:52). Dumasar kana katerangan di luhur, dina ieu panalungtikan digunakeun metode deskriptif, sangkan meunang gambaran ngeunaan struktur carita jeung ajén budaya dina wawacan *Pangantén Tujuh*.

1.6.2 Tehnik Panalungtikan

Dumasar kana métode panalungtikan, tehnik panalungtikan nu digunakeun nya éta téhnik ulikan pustaka jeung tehnik analisis data. Téhnik panalungtikan ieu ngawengku dua hal, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

1.6.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Teknik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta teknik studi pustaka jeung studi lapangan. Sumber data nu aya, nya éta sumber data primér jeung sumber data sekundér. Sumber data primér mangrupa naskah asli Wawacan Pangantén Tujuh anu geus ditransliterasi, sumber data sekundér mangrupa buku, jurnal, atawa internét pikeun ngarojong dina nyusun ieu skripsi.

Studi lapangan anu dilakukeun, nya éta wawancara ka petugas perpustakaan museum Prabu Geusan Ulun Sumedang, ngeunaan rupa-rupa hal anu patali jeung wawacan Panganten Tujuh.

1.6.2.2. Teknik Ngolah Data

Data anu mangrupa teks wawacan Pangantén Tujuh dianalisis tina ajén-ajén budayana. Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Maca teks wawacan Pangantén Tujuh kalayan taliti tur gemet.
- 2) Nganalisis unsur-unsur budaya nu aya dina teks wawacan Pangantén Tujuh.
- 3) Nyieun kacindekkan.

1.6.2.3. Instrumen Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nya éta sakumaha hasil analisis struktur jeung ajén budaya dina wawacan Pangantén Tujuh. Dina tahap nganalisis digunakeun instrumén. Arikunto (2002: 150), nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data. Data nu dipaké ku panalungtik nya éta mangrupa wawacan anu geus dibukukeun maké aksara Latén. Buku wawacan mangrupa hasil transliterasi.

